



**E-HANDOUT MATA KULIAH
PAKELIRAN GAYA POKOK II**

PERTEMUAN KE-5

**LAKON
“WAHYU PURBA SEJATI”**
(Pathet Nem)

**PROGRAM STUDI S1-SENI PEDALANGAN
INSTITUT SENI INDONESIA SURAKARTA**

Keterangan:

Srepeg Pinjalan, dilanjutkan Srepeg laras slendro patet nem

- *Indrajit, Dasamuka, Prahastha, Togog dan Bilung.*
- *Solah budhalan sesuai video*
- *Suasana kayon, Tampil Trinetra bertemu dengan Udawa, tanceb berhadapan.*
- *Gendhing seseg, suwuk, dilanjutkan Ada-ada Srambahan.Ginem.*

TRINÉTRA:

Hé kisanak mandhega dhisik, aku kepéngin pitakon; iki wadya saka ngendi déné aglar sepapan ngebaki dalan. Apa kowé kang dadi cucuking laku?

HUDAWA:

Jagad déwa bathara; ana wujuding titah kang asipat manungsa nanging cat katon cat ora. Malah aku kang pitakon karo kisanak, kowé kuwi bangsané apa? Déne ngirit bala kang miranti gegamaning yuda, sajaké kalebu bangsané nyèluman, yèn duwé papan ngendi asalmu lan sapa aranmu?

TRINÉTRA:

Babo, ditakoni durung prasaja malah genti pitakon.

HUDAWA:

Apa abamu, kawruhana bumi kang kok-idak iki kalebu laladaning ratu gustiku, yèn kowé ora keduga prasaja, kudu bali, aja ngidak bumi kéné.

TRINÉTRA:

Wéé hla dalah, ngendelaké dupèh ana dhangkane. Ora tèdhèng aling-aling, aku sentana saka Negara Tawanggantungan kang hangratoni bangsa jubriksa, putra Rama Prabu Dasasukma, Radèn Trinétra kekasihku; genti ngakua kowé wadya ngendi pangkatmu apa lan sapa jenengmu, ngakua dak takoni.

HUDAWA:

Kawruhana ala tanpa rupa mantri wasésaning praja ing Dwarawati, Patih Hudawa aranku. Kowé ngirit wadya seméné kèhé iki nedya lumaku menyang ngendi?

TRINÉTRA:

Ora perlu ngerti lan aja takon, merga iki wewadi tumraping negaraku.

HUDAWA:

Kalamun ora keduga prasaja kudu bali, awit hiya yèn lakumu sakanca ora gawé kapitunan, yèn nganti gawé rusak luwih-luwih gawé kisruhing negara, aku ingkang kaparan tutuh. Murih ora nuwu haké daredah beciké baliya waé.

TRINÉTRA:

Wééé lha dalah; gedhé kasujanané wong Dwarawati.

HUDAWA:

Apa abamu!

TRINÉTRA:

Aku 'ra wedi sapa-sapa, mung dhawuhé rama prabu sing dak wedèni, yèn aku bali mangka ora kaparéntah, mesthi bakal nampa pidana; 'moh aku 'moh bali.

HUDAWA:

Semono uga aku, uga ora wedi sapa-sapa, pranataning praja kang dakwedèni. Manawa kok-terusaké karepmu, aja takon dosa.

TRINÉTRA:

Yèn mangkono njarag pasulayan karo wadya Tawanggantungan.

HUDAWA:

Pancèné ora kepéngin dadining pasulayan, ewadéné kowé tetep mbacut, aku ora wedi.

TRINÉTRA:

Yèn kowé sak-kancamu ora gelem sumingkir klakon dak babadi wadya Dwaraka.

HUDAWA:

Jajalen yèn arep ngerti tètèré wong Dwarawati. Yèn perlu aja maju ijèn ngroyoka bareng ora mundur sejangkah.

TRINÉTRA:

Sumbarmu kaya wani-waniya ndilat wesi abang, léna pengéndhamu tebak dhadhamu klakon mutah getih.

HUDAWA:

Dhénga lena teka pati.

Keterangan:

- **Srepeg, laras sléndro patet nem, untuk mengiringi perang gagal.**
- **Urutan perang: (1) Trinetra melawan Udawa;**
- **(2) Jaya Lodong melawan Pragota.**
- **(3) Prahastha tampil tancep, ada-ada jugag, dialog.**

PRAHASTHA:

He Wadya Dwarawati, aja gumendhung kumalungkung kowe bisa ngasorake wadya saka Tawanggantungan. Mara tontonen sapa kang umangsah ing madyalaga, Iki patih Prahastha hayo ayonana.

SETYAKI: (Dari dalam)

Ora susah kakehan sesumbar, tandhingana iki senopatin ing praja Dwarawati Harya Setyaki.

PRAHASTHA:

Lena pangendhamu, tebak dhadhamu sumyur igamu.

Keterangan:

- Perang Prahasta dengan Setyaki
- Perang dengan tumbak
- Prahasta kalah, memberi isyarat untuk mundur.
- Gending Ayak-ayakan, Samba tampil dengan Setyaki.
- Gendhing suwuk, dialog.

SAMBA:

Paman, sampun ngantos kalajeng-lajengaken anggènipun mbebujung wadya ingkang sampun lumajar, kula tingali sami manjing wana; menawi paman Setyakikirang prayitna, kula kuwatos menawi mengsah nindakaken karti sampéka karana boten lana bebudèning mengsah.

SETYAKI:

Inggih nggèr, saèstonipun namung kasurung derenging manah kepéngin mangertos punapa maksih wonten mengsah ingkang kantun.

SAMBA:

Kula tingali kados sampun boten wonten wadya ingkang kantun, karana sami giris mulat kridhanipun paman harya. Gandhèng sampun boten wonten cikalaning mengsaah ingkang damel resah, mangga paman kula dhèrèkaken masanggrah.

SETYAKI:

Inggih nggèr, éwa-semanten murih boten tilar ing kaprayitnan, para wadya kadhawuhan baris pendhem, yèn wanci ratri supados baris kènjèr, ngawékaní pakartining mengsaah kang nedya mbebidho api rowang, murih boten kadenangan.

SAMBA:

Inggih paman, sumangga kula dhèrèkaken makuwon.

Keterangan:

- Patetan Lindur, Samba dan Setyaki dientas. Suasana kayon terus tancep di tengah gawang, posisi miring. Pocapan (pathet sanga)